

Amabwirizwa y'icika ry'umuyagankuba mu mazu y'imfungurwa

Ubwiza bw'imfungurwa burashobora kubangamirwa n'ugucika kw'umuyagankuba kuko amafirigo arashobora kuba atagishoboye kubika imfungurwa ku rugero rw'ubushuhe bwizewe, ibikoresho bishobora kuba bitagikora, kandi ivyuma vyo gushusha amazi ntibizoshobora gutanga amazi ashushe. Muri rusangi, imfungurwa zibitswe muri firigo zitegerezwa kumera neza kuribwa iyo umuyagankuba wacitse mu kiringo kiri muni y'amasaha abiri. Guma wugaye imiryango ya firigo mu gihe umuyagankuba wacitse kugira imfungurwa zigume zikanye uko bishoboka kwose. Ntutegure ibifungurwa bisaba gukanyishwa. Nimba inzu yawe yiriwe itagira umuyagankuba mu kiringo c'amasaha ane canke arenga kandi ukaba ufise ibibazo, hamagara igisata c'amagara y'abantu kuri FoodLodging@vermont.gov canke 802-863-7221.

Amazi ashushe

- Ibikorwa vy'amazu y'imfungurwa bisaba kugira amazi ashushe kandi atemba umwanya wose mu gukaraba, gusukura, gutegura imfungurwa, n'ibindi.
- Nimba ingorane z'umuyagankuba uguma ucika kandi ukaba ufise akuma ko gushusha amazi, utegerezwa guhagarika ibikorwa gushika umuyagankuba ugarutse.

Ibikoresho

- Suzuma ko ibikoresho vyose bimeze neza, bikoreshwa kandi bikora uko bitegerejwe.

Kwinjiza umuyaga

- Hagarika ibikorwa vyo guteka nimba uburyo bwo kwinjiza umuyaga budakora neza.

Ibikoresho vyo guteka

- Hagarika gukoresha ivyuma bishusha nimba bidakora kandi urondere ubundi buryo bwo kubika imfungurwa hejuru y'urugero rw'ubushuhe bwa 135°F canke muni y'ubushuhe bwa 41°F
- Ta imfungurwa nimba uburyo bwo gukanyisha budashobora gukurikizwa canke buri kure y'ubushuhe nyabwo mu kiringo c'amasaha arenga ane.
- Ta canke usese ibifungurwa ivyarivyo vyose vyari mu nkono, mu gikoresho gikanyisha, canke muvyongera gushusha nimba ubushuhe bwizewe canke umwanya wagenywe utakwiye. Andika ibifungurwa vyatawe ivyarivyo.
- Hagarika ibikorwa vyo guteka nimba ibikoresho vyo guteka bitariko birakora.

Amatara

- Amatara ni kirumara ku mutekano w'imfungurwa no mu kuzitegura. Biragoye kwoza neza ibikoresho, ivyombo no ku mpande ata muco ukwiye uriho.

Igikoresho co kwoza amasahani

- Nimba igikoresho co kwoza amasahani kitariko kirakora, koresha isahani ifise utwumba dutatu kugira woze, nyukura kandi wice imicafu ku vyombo n'ibikoresho. Amazi ashushe ategerezwa kuba ahari kugira inzu igume yuguruye.
- Koresha igikoresho gikoresha rimwe gushika imashine yoza amasahani isubiriye gukora.

Imashine zitanga umuyagankuba

- Imashine zitanga umuyagankuba, izoza, canke ibindi bikoresho bivamwo umwuka karubone monoxide bishobora gushikira rugero rubi mu minota mikeya. Ntiwigere ukoresha mu nzu ibikoresho bikoresha ibitoro.
- Koresha igikoresho gikoresha rimwe gushika imashine yoza amasahani isubiriye gukora.

Gukanyisha

- Amatara ni kirumara ku mutekano w'imfungurwa no mu kuzitegura. Biragoye kwoza neza ibikoresho, ivyombo no ku mpande ata muco ukwiye uriho.
- Gukanyisha ni kimwe mu bikewe bituma imfungurwa zimera neza. Imfungurwa zikanye zitegerezwa kubikwa ku bushuhe bwa 41° F canke ubukanye butuma imfungurwa ziguma zimeze neza.
 - Andika igihe umuyagankuba wacikiyeko.
 - Gumiza imiryango ya firigo yugaye kugira imfungurwa zigume zikanye.
 - Suzuma kugira urabe neza ko ibigize firigo biriko birakora neza kandi bigumiza ubukanye bwizewe inyuma y'aho umuyagankuba ugarukiye.
 - Ta imfungurwa zononekaye zitabitswe neza ku rugero rwiza rw'ubukanye mu kiringo c'amasaha ane canke nimba utazi igihe zamaze zidafise ubukanye bukwiye. Imfungurwa zikanye zagumye zifatanye zirashobora gusubira gufatana nimba ata kimenyetso kihari co kwononekara kw'igikoresho.
 - Andika ibifungurwa vyatawe ivyarivyo.
 - Sukura kandi wice imicafu iri ahantu haja imfungurwa handuye mu guta imfungurwa imbere yo gutangura ibikorwa vyo gukora ku mfungurwa. Muri ibi harimwo ibijamwo ibarafu, imashine ishobora kuba yakanye cane mu gihe umuyagankuba wari wacitse.

Ambabwirizwa y'amazi ya Javel (8.25%) mu kwica imicafu iri ku bibanza

Intumbero	ppm	Gutakaza Inguvu	Igihe co kuvugana
Umuti wica imicafu iri ku bibanza kijako imfungurwa	50 – 200	Akayiko 1 k'amazi ya Javel/ kw'iritiro 1 ry'amazi*+	Iminota 2

* Amabwirizwa yo gutakaza inguvu afatiye ku numero 5813-100 EPA iriko amabwirizwa yo gukoresha ya clorox y'amazi ya Javel (8,25% Sodium Hypochlorite). Kurikiza amabwirizwa yerekana ukuntu imicafu ikurwa ku bibanza birimwo imfungurwa n'ukwica imicafu kwa minsi yose nimba ubundi bwoko bw'amazi ya Javel bukoreshajwe.

+Ntukoreshe amazi ya Javel canke ayatarimwo Javel imota.

Amabwirizwa yo kugenzura gusubira kukonka imfungurwa

Mu gihe woba ufise amadidane, bite hanze! Imfungurwa zitegerezwa kuba ziri mu buryo bwiza kugira zishobore kuribwa n’abantu. Ntizitegerezwa kwononekara, zabitswe ku rugero rwiza rw’ubushuhe, kandi zitariko umucafu canke zitanduye. Ta imfungurwa wisunze amabwirizwa yo mu karere.

Ibiva mu mfungurwa	Icokorwa	Insiguro/Amabwirizwa
Imfungurwa zikanyishije (PHF, TCS imfungurwa ziri ku bushuhe burenga 41 ° F mu kiringo c’amasaha arenga ane)	Zite canke zisese	
Imfungurwa zikanyishije ku rugero rw’ubushuhe bwa 41 ° F mu kiringo kiri muni y’amasaha ane	Kwegeranya	Bitegerezwa gujamwo ibarafu canke bigashirwa mu ruhande rwa firigo rukora neza.
Ibifungurwa bikanye vyagumye bikanyishijwe kandi ntibikurwemwo ubukanye	Kwegeranya	
Ibifungurwa vyakanyishijwe cane hanyuma bigakurwamwo ubukanye hanyuma bikaguma ku bushuhe buri muni ya 41 ° F	Kwegeranya	Bitegerezwa gushirwa muri firigo ikora neza kandi bigaca bitekwa ubwonyene.
Imfungurwa zakanyishijwe nabi canke zigashushwa nabi	Zite canke zisese	Imfungurwa zibitswe hagati y’ubushuhe buri hagati ya 41 ° F na 135 ° F zishobora gutuma imfungurwa zitizerwa kuribwa.